**Муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение муниципального образования «Кошехабльский район» «Средняя общеобразовательная школа №3 имени Первого Президента Республики Адыгея Джаримова А.А.**

| РАССМОТРЕНО | СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДАЮ |
| --- | --- | --- |
| Руководитель МО учителей гуманитарного цикла | Заместитель директора по УВР | Директор МБОУ СОШ №3 а.Егерухай |
| ________ М.А.Айтекова | ________С.Б. Куева | ________С. Ю. Хасанова |
| протокол № 1 | протокол № 1 | приказ № |
| от «30» 08 | «30» 08 | 01.09.23г |

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА
# внеурочной деятельности
# по адыгейской литературе

для 6 класса
на 2023 — 2024 учебный год

Составитель программы
учитель адыгейского языка
и литературы
*Куева Ирина Аминовна*

Федеральнэ къэралыгъо гъэсэныгъэ стандартым елъытыгъэу гъэпсыгъэ ушъыйхэр

**АДЫГЭ АИТЕРАТУРЭР**

**Я 6-РЭ КЛАСС**

**Ущызгъэгъуаз**

Федеральнэ къэралыгъо гъэсэныгъэ стандартыр гурыт еджап1эмк1э программэм ылъапсэу щыт. Адыгэ литературэр гуманитарнэ предмет шъхьа1эу Адыгэ Республикэмк1э гурыт еджап1эхэм ач1элъхэм ащыщ.

Адыгэ литературам изэгъэш1эн гурыт еджап1эмк1э мурадэу къыгъэуцухэрэр:

- К1элэеджак1охэм адыгэ литературэм ипроизведениехэм яш1уагъэк1э ягушъхьэ лэжьыгъэ ибаигъэ хэхъоныгъэхэр фэхъунхэр, дэгъумрэ дэимрэ къагуры1онхэр; Россием, Адыгеим, нэмык1 хэгъэгухэм ащыпсэурэ ц1ыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм якультурэ лъытэныгъэ афаш1ы хъунхэр;
- К1элэеджак1охэм яхудожественнэ-творческэ ык1и шЬныгъэ (познавательнэ) гупк1агъэ хэхъоныр, художественнэ произведениехэм яджэхэ хъумэ эмоциональнэ фыщытык1э фыря1э хъуныр, гущы1эм эстетическэ ек1ол1ак1э фыря1э хъуныр; учебнэ ык1и научнэ ш1эныгъэхэр къэзытрэ текстхэм 1оф адаш1энымк1э къулайныгъэхэр къа1эк1эхьанхэр;
- Тхак1э, еджак1э ык1и коммуникативнэ культурэ къа1эк1эхьаныр.

Адыгэ литературэм икурс учебнэ планым ч1ып1эу щиубытырэр

Адыгабзэмрэ литературэмрэ япрограммэ я 6-рэ классымк1э адыгэ литературэм иурокхэмк1э илъэсым телъытагъэу сыхь. 35-рэ къеты, тхьэмафэм - сыхь. 1.

Базиснэ учебнэ планэу еджап1эхэм къыхахырэм елъытыгъэу сыхьат пчъагъэу предметымк1э я1эщтыр зэфэшъхьафын ылъэк1ыщт.

Предметэу «Адыгэ литературэм» пшъэрылъ шъхьа1эу и1эр бгъу пстэумк1и к1элэеджак1ор гъэсагъэ хъуныр ары.

Гурыт еджап1эм к1элэеджак1охэм адыгэ литературэр зэрэщызэрагъэш1агъэм иш1уагъэк1э личностнэ, метапредметнэ ык1и предметнэ зэфэхьысыжьхэр а1эк1элъ мэхъух.

**Личностнэ зэфэхьысыжьхэр**

Еджэным мэхьанэу и1эр къыгуры1ощт: иеджэнк1э хэхъоныгъэу ыш1ын ылъэкIыщтхэмк1э, адрэ предметхэр къы1эк1эхьанхэмк1э, къэзыуцухьэрэ дунаир риш1ык1ынымк1э.

Художественнэ литературэр икъу фэдизэу къыгуры1оу, зэджагъэм эмоциональнэу тегущы1эн ылъэк1эу, зыдэгущыЬрэм еплъык1э шъхьафэу и1эм лъытэныгъэ фиш1эу хъущт.

Адыгэ Республикэм икультурэ, итарихъ, адыгэ писательхэм поэтхэм атхыгъэ произведениехэм нэ1уасэ афэхъущт, дэгъур, дэир къыгуры1оу этическэ еплъык1эхэр и1э хъущтых.

Ищы1эныгъэк1э 1ахьылныгъэм, унагъом, ныбджэгъуныгъэм, ш1улъэгъуныгъэм, зэде1эжьым, зэгуры1оныгъэм, лъытэныгъэ зэфэпш1ыжьыным ямэхьанэ егупшысэ хъущт, ежь нахьыжъхэми илэгъухэми зэрафыщытыщт, зэрадэгущы1эщт ш1ык1эхэр къыхихыщтых, литературнэ геройхэр зэрэзек1орэ ш1ык1эхэм нравственнэ-этическэ шапхъэхэр арихьыл1эхээ уасэ афиш1ын ылъэк1эу хъущт.

Художественнэ произведениехэм яджэныр ш1у ылъэгъущт, игупшысак1э нахь куоу, идунэееплъык1э нахь шъуамбгъоу хъущт, ежь еплъык1э гъэнэфагъэхэр и1э хъущтых.

*Гурыт еджап1эр къаухы зыхъук1э к1элэеджак1охэм еджэк1э компетентность я1э хъущт (текстым еджэхэу, заджэхэрэр къагуры1оу), ежь-ежьырэу еджэнымк1э универсальнэ действиехэр афэхъущтых.*

*К1элэеджак1охэр псынк1эу еджэхэу, заджэхэрэр (зэдэ1ухэрэр) къагуры1оу, интерпретацием иамалхэр агьэфедэшъухэу, художественнэ, научнэ тхыгъэхэр зэхафын (анализ) аш1ын алъэк1эу хъущтых. Гущы1алъэхэр, компьютерыр агъэфедэшъоу, творческэ 1офш1энхэр агъэцак!эу хъущтых.*

*Зэфэшъхьаф коммуникативнэ ситуациехэм, диалогым псэлъэ этикетыр къыдалъытэзэ хэлэжьэнхэ алъэк1ыщт, произведениеу зэджагъэхэр зэхафынэу, тегущы1энхэу зэрагъэш1эщт. Монологическэ къи1отык1ын мыинхэр произведением (геройхэм, хъугъэ-ш1агъэхэм) ехъыл1агъэу текстым иплан елъытыгъэу жэры1ок1э изэк1элъык1уак1э къыра1отык1ышъоу, къэз1отэрэ текст мыинхэр ежь-ежьырэу зэхагъэуцошъоу, езбырэу усэхэр зэрагъэш1эн алъэк1эу хъущтых. Ялэгъухэм, янэ-ятэхэм, к1элэегъаджэхэм апашъхъэ плакатхэр, аудио-видеоиллюстрациехэр, видеосюжетхэр, анимациехэр агъэфедэхэзэ къыщыгущы1энхэ алъэк!эу есэщтых.*

**Метапредметнэ зэфэхьысыжьхэр**

- К1элэеджак1ом коммуникативнэ 1оф ш1ак1эр къы1эк1эхьащт, нэбгырэ заулэу (группэу) 1оф зэдэпш1эным хабзэу хэлъхэр ык1и мэхьанэу и1эр къыгуры1ощтых.
- Ищык1эгъэ информацием лъыхъун, къыгъотын ылъэк1эу хъущт (Интернетри хэтэу).
- Художественнэ произведениер анализ ык1и интерпретацие ыш1ынхэмк1э ш1эныгъэ шэпхъэ шъхьа1эу рихьыл1эщтхэм яалгоритм къы1эк1эхьащт.
- Зэджагъэм ехьыл1агъэу иеплъык1эхэр къыри1отык1ышъухэу, зек1ок1э хэбзэ гъэнэфагъэу обществэм хэлъхэр къыгуры1охэу хъущт.

**Предметнэ зэфэхьысыжьхэр**

- Еджэным мэхьанэу ык1и мурадэу и1эхэр къыгуры1ощтых.

Текст зэфэшъхьафхэр зэхьыл1агъэхэр, ямэхьанэ къыгуры1ощтых (ежьхэр амакъэ 1оу, амакъэ мы1оу еджэхэу, е едэ1ухэу зыхъук1э), текстхэр зил1эужыгъохэр зэхифышъущтых (художественнэмэ, научнэмэ, учебнэмэ), гупшысэ шъхьа1эу хэлъыр ык1и героеу хэтхэр ыш1эщтых, произведением

ехьыл1эгъэ упч1эхэм джэуап къаритыжьышъун ылъэк1ыщт, зэк1элъык1уак1эу хъугъэ-ш1агъэхэм я1эр ыгъэунэфынэу, текстым ехьыл1агъэу упч1эхэр ежь ыгъэуцун ылъэк1ынэу зэригъэш1эщтых.

· Монологыр, диалогыр произведением изэхэфынк1э ыгъэфедэщтых.

· Гущы1эм 1оф диш1эу, гущы1эм имэхьанэ текстэу зыхэтым елъытыгъэу ыгъэнафэу, мурад зыфигъэуцужьэу игущы1алъэ хигъэхъо зэпытынэу зэригъэш1эщт.

· Эстетическэ ык1и нравственнэ лъэныкъохэмк1э художественнэ текстым уасэу и1эр зэхиш1ык1ыщт ык1и къыри1отык1ышъущт.

· Авторым иек1ол1ак1э къыгуры1ощт, геройхэм, ахэм язек1уак1эхэм яхьыл1агъэу ежь иеплъык1эхэр къыри1отык1ын ылъэк1ыщтых.

· Ежь иеплъык1эу къыри1отык1ыхэрэр текстымк1э щысэхэр къыхьыхэзэ къыгъэшъыпкъэжьыщтых.

· Зэджагъэхэ тхылъым фэгъэхьыгъэ отзыв атхышъущт.

Зэджагъэхэ произведением ехьыл1агъэу сочинение, изложение мыинышхэр атхышъущтых.

Внеурочка 6 класс

| № п\п | Темэр | Сыхат пчъагъэр | уахътэр | |
|---|---|---|---|---|
| | | | план | факт |
| 1 | 1оры1уатэхэр | 1 | 8.09 | 8.09 |
| 2 | Саусырыкъорэ иныжъымрэ | 1 | 15.09 | 15.09 |
| 3 | Я 3 - рэ пычыгъом къы1уатэрэр | 1 | 22.09 | 22.09 |
| 4 | Я 4 - рэ пычыгъом изэхэфын | 1 | 29.09 | 29.09 |
| 5 | Гиперболэр | 1 | 6.10 | 6.10 |
| 6 | К1эращэ Т. Пычыгъоу «Хьатх Мыхьамэтрэ Анцокъорэ» | 1 | 13.10 | 13.10 |
| 7 | Пычыгъом иеджэн | 1 | 20.10 | 20.10 |
| 8 | Образэу хэтхэм язэхэфын | 1 | 27.10 | 27.10 |
| 9 | Упч1эхэмрэ гъэцэк1энхэмрэ | 1 | 10.11 | 10.11 |
| 10 | Жэнэ Къ. Андырхъое Хъу. «Щы1эныгъэм ыгупчэ итыгъ» | 1 | 17.11 | 17.11 |
| 11 | Пычыгъом икъэ1отэжьын | 1 | 24.11 | |
| 12 | «Хъусен зыфаер къыдэхъугъ» | 1 | 1.12 | |
| 13 | Текстым иеджэн, изэхэфын | 1 | 8.12 | |
| 14 | Усэу «Ц1ыфыр зык1ыщы1эр» | 1 | 15.12 | |
| 15 | Мэщбэш1э И. «Партизанхэр сакъых» | 1 | 22.12 | |
| 16 | Партизанхэм ямурад шхьа1 | 1 | 29.12 | |
| 17 | Пычыгъом изэхэфын | 1 | | |
| 18 | Усэу «Нэдэлъфыбз» | 1 | | |
| 19 | Мэщбэш1э И. иусэхэр | 1 | | |
| 20 | Бэрэтэрэ Хь. Усэу «Л1ыжъымрэ ыкъорэ» | 1 | | |
| 21 | Усэу «Лажьщыкъо имыжъосын» | 1 | | |
| 22 | Еутых А. Пычыгъоу «Хьанашхъорэ Муратрэ» | 1 | | |
| 23 | Елмызэ, Техьак1 яобразхэр | 1 | | |
| 24 | Яхьем иобраз къызэритырэр | 1 | | |
| 25 | Къумп1ыл Къ. Усэу «Ц1ыфэу ущы1эным къик1рэр» | 1 | | |
| 26 | Усэу «Чъыгэу зизакъу» | 1 | | |
| 27 | Усэу «Сэгсэу сыбгъэлъэп1агъэу» | 1 | | |
| 28 | Нэхэе Р. Поэмэу «Л1ыгъэш1ап1» | 1 | | |
| 29 | Поэмэм иеджэн | 1 | | |
| 30 | Поэмэм изэхэфын | 1 | | |
| 31 | Усэу «Сыдыг зы1орэр адыга зэк1э?» | 1 | | |
| 32 | Къуикъо Ш. «Сабый дышъэр, къэубыт с1апэ» | 1 | | |
| 33 | Дэрбэ Т. «Хым иныдж» | 1 | | |
| 34 | Усэу «Сызыщыфаем сэгъэбзэрабзэ» | 1 | | |
| 35 | Усэм исыкъат | 1 | | |